

NAP FÈ TÈS LA

Klinik sa a ofri tès VIH pou tout pasyan ki gen 13 zan oswa plis pou li kapab respekte lwa konsènan bon pratik medikal ak sante piblik.

Tès Laboratwa Woutin

✓	Glikoz
✓	Kolestewòl
✓	Tès pou VIH
✓	Egzamen Ematolojik Konplè
✓	Pwofil Lipid

MEN SA OU BEZWEN KONNEN KONSÈNAN TÈS POU VIH

- Se sèlman si ou vle w ap bezwen pran yon tès VIH epi tout rezilta tès VIH ap rete konfidansyèl (sekrè).
- VIH ka simaye nan fè sèks san pwoteksyon, pataje sereng, akouchman, oswa lè yon manman bay pitit li tete.
- Tretman pou VIH mache byen, pa gen anpil efè segondè oswa pa gen ditou, epi ou ka jis bezwen pran yon grenn pa jou.
- Moun ki nan relasyon yo kapab kenbe youn ak lòt an sekirite lè yo konnen si yo gen VIH ak lè yo resevwa tretman pou VIH oswa yo pran pwofilaksi avan kontak (pre-exposure prophylaxis, PrEP) ak VIH. Lè ou pa pataje sereng epi ou pran plis prekosyon lè w ap fè sèks, sa pral pwoteje ou kont VIH, epatit C ak lòt maladi moun pran nan fè sèks.
- Li ilegal pou fè diskriminasyon kont yon moun paske li gen VIH.
- Tès VIH anonim (san ou pa bay non ou) disponib nan sèten sit tès piblik.
- Tès VIH se yon pati woutin nan swen sante men ou gen dwa pou konteste oswa refize yon tès pou VIH.
- Si ou vle refize tès pou VIH, di pwofesyonèl swen sante ou sa.

Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou sou kijan ak kilè w ap konnen rezilta VIH ou yo.
Pi Move ka VIH : lè ou pa konnen ou si ou genyen li. Lè ou fè tès, ou gen plis kontwòl. [HIVtestNY.org](https://www.hivtestny.org)



Department
of Health